



Pou Piblikasyon Imedya: 12/09/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL RAPLE NOUYÒKÈ YO POU YO PATISIPE NAN
ELABORASYON RÈGLEMAN NASYONAL SOU PREVANSYON ASÈLMAN
SEKSYÈL**

*Depatman Travay Eta New York la pral òganize yon odyans piblik an pèsòn jedi
15 septanm pou enfòmè mizajou nan règleman an; Enskri pou w patisipe [isit la](#)*

*Nouyòkè yo ka bay opinyon yo tou atravè fòmilè sou entènèt DOL la [isit la](#) jiska
20 septanm*

Difizyon an dirèk la disponib [isit la](#) pou ka wè sèlman

Gouvènè Kathy Hochul ankouraje Nouyòkè yo jodi a pou yo patisipe nan odyans piblik an pèsòn Depatman Travay (Department of Labor, DOL) Eta New York la pou resevwa kòmantè nan men travayè yo, anplwayè yo, ak lòt pati konsène yo konsènan Règleman pou Modèl Prevansyon Asèlman Seksyèl Eta a pou anplwayè yo. Odyans sa a fè pati yon pwosesis k ap kontinye pou ranfòse Règleman pou Modèl Prevansyon Asèlman Seksyèl Eta a epi li mete aksan sou angajman Eta a pou ede anplwayè yo aplike meye pratik yo gratis.

Odyans lan ap fèt 15 septanm 2022, nan 10 a.m. nan Bilding Biwo Eta Adam Clayton Powell Jr., Sal Kominotè Dezyèm Etaj, (163 West 125th Street, New York, NY). Pòt yo ap ouvri nan 9:30 a.m.

"Pandemi an te lakòz gwo domaj nan mendèv nou an, epi nou dwe modènize Règleman pou Modèl Prevansyon Asèlman Seksyèl nou an pou nou ka kenbe rit la", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen ankouraje tout Nouyòkè yo pou yo pwofite peryòd kòmantè piblik sa a pou fè tandè vwa yo, epi pou ede asire eta nou an kontinye gide nasyon an nan bay anviwònman travay ki an sekirite ak enklizif. Pèsòn pa ta dwe sibi vyolans fizik oswa okenn fòm asèlman nan espas travay yo, epi jodi a n ap franchi yon etap enpòtan nan pwoteje Nouyòkè nan yon fason ki global ak efikas".

Komisè Depatman Travay Eta New York la, Roberta Reardon, te deklare,

"Règleman pou Modèl Prevansyon Asèlman Seksyèl la se te yon inisyativ ki gen anpil valè epi ki gen siksè, men pandan kat ane pase yo, espas travay yo te chanje anpil nan plizyè fason, akòz prensipalman konsekans pandemi an ak kwasans travay adistans.

Pou asire ke inisyativ sa a swiv espas travay k ap evolye yo, règleman an oblije sibi yon pwosesis revizyon chak kat ane. Revizyon nou an pral konte anpil sou kòmantè yo resevwa nan odyans piblik sa a, paske nou konnen kijan li enpòtan pou travayè yo ak biznis yo genyen yon vwa nan pwosesis sa a. Nou ankouraje tout moun pou yo patisipe".

Pandan odyans lan, piblik la pral gen opòtinite pou bay opinyon yo devan yon komisyon ki pral gen ladan Komisè Reardon, Komisè Divizyon Dwa Moun Eta New York, Maria Imperial, ak Elizabeth Fine, Avoka Gouvènè Hochul.

Komisè Divizyon Dwa Moun Eta New York la, Maria L. Imperial, te deklare, "Eta New York pran dwa sivil travayè yo trè oserye. Nou vle tandè Nouyòkè komen yo pou konprann sa k ap pase sou tè a pou yo ka bati espas travay, ki pi bon, pi ekitab, ak enklizif san asèlman seksyèl".

Anons sa a bati sou angajman Gouvènè Hochul pran pou ranfòse Règleman pou Modèl Prevansyon Asèlman Seksyèl New York ki se lidè nan peyi pou anplwayè yo. An jiyè, li te anonse ke yo te envite manm piblik yo pou bay repons sou Règleman pou Modèl Prevansyon Asèlman Seksyèl la atravè [fòmilè sekirize](#) sa a. Nouyòkè ki pa kapab patisipe nan odyans 15 septanm lan ka kontinye soumèt deklarasyon yo atravè fòmilè NY.gov jiska 20 septanm 2022.

Règleman pou Modèl Prevansyon Asèlman Seksyèl aktyèl la te kreye an 2018 kòm yon pati nan angajman Eta New York pou etabli espas travay ki pi an sekirite epi ki pi ekitab nan egzijè tout anplwayè yo, kèlkeswa gwosè yo, pou yo adopte yon règleman prevansyon asèlman seksyèl epi bay anplwaye yo fòmasyon chak ane. Lejislasyon an te enkli dispozisyon pou yo revize ak analize Règleman pou Modèl Prevansyon Asèlman Seksyèl la chak kat ane. Espas travay la toujou ap chanje, epi eta a pran angajman pou amelyore Règleman pou Modèl Prevansyon Asèlman Seksyèl li pou reflekte evolisyon monn travay la.

Nenpòt moun ki vle bay temwayaj oswa patisipe ta dwe enskri atravè [fòmilè enskripsyon sekirize a](#). Yo pral bay temwayaj nan lòd moun yo te anrejistre. Medya ki vle patisipe yo dwe konfime prezans (RSVP) atravè menm fòm lan. Si w ap patisipe, tanpri pote idantifikasyon pou rezon sekirite.

Pou plis enfòmasyon sou Règleman pou Modèl Prevansyon Asèlman Seksyèl la, ale nan [Konbat Asèlman Seksyèl nan Espas Travay](#) epi pou w fè kòmantè ale nan [paj Règleman pou Modèl Prevansyon Asèlman Seksyèl](#) la.

Si oumenm oswa yon moun ou konnen ap sibi asèlman seksyèl nan espas travay la, ranpli yon rapò [sou entènèt](#) oswa rele nouvo liy dirèk gratis DHR pou asèlman seksyèl la nan 1-800-HARASS-3 lendi jiska vandredi, 9:00. a.m. rive 5:00 p.m.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418